

REZIME ENPAK AK PWOGRÈ APA PANDAN 5 LANE

Rekritman & enterè nan mouvman nou an

- Nou rekrite 5 kowòt anseyan-lidè, ak kandida ki soti nan plizyè zòn/depatman nan peyi a plis ak eksperyans nan plizyè pwofesyon.
- 215 anseyan-lidè rekrite pou pwogram lidèchip transfòmasyonèl APA.
- Kwasans nan kantite kandida: 236 kandida pou premye kowòt la. 2967 kandida (total) patisipe nan rekritman pou 5 kowòt yo.

Lekòl patnè

- 80 lekòl patnè, 5 kominate patnè. Nou te kòmanse nan 15 lekòl patnè.
- 7000+ aprenan-lidè jiska preznan.
- 85% mwayèn reyisit atravè sal klas anseyan-lidè nou yo -- doub mwayèn reyisit nasyonal pou nivo fondamantal la (41%). 1/4 nan sal klas anseyan-lidè nou yo reyisi a 100% nan mwa jen 2019.

Lidèchip anseyan ak anbasadè nou yo

- 82 gradye/anbasadè aprè gradyasyon 3 premye kowòt nou yo.
- 90% anbasadè/gradye kontinye travay nan domèn edikasyon. 8 jwenn pwomosyon kòm manm direksyon nan yon lekòl.
- Fowòm pedagojik chak ane nan kominate nou yo kote nou envite tout anseyan nan lekòl patnè nou yo nan yon jefò kolektif, pou n ogmante kalite ansèyman-aprantisaj.
- Kolabore ak plis pase 10 òganizasyon ak gwoup nan sosyete sivil la pou n amelyore kalite edikasyon ak lidèchip ann Ayiti.

Inovasyon

- Objektif: Ekipe 20,000 lidè sivik. Travay ak kominate nan peyi a pou n kreye yon rezo lidè sivik e bati yon sistèm edikasyon ki chita sou egalite, sou istwa peyi nou an, sou valè moral ansam ak yon vizyon kolektif.
- Yon vizyon kontèkstyalize, kote n ap priyorize lidèchip aprenan nou yo.
- Mouvman APA kòmanse an pwovens, pou n valorize 3 K (kilti, koutim, kominate).
- Done: Nou kreye yon aplikasyon mobil pou koleksyon done ak rezulta nou yo. Yon patenarya ak Dimagi, Inc. Se yon inovasyon seleksyon pou yon konferans entènasyonal (2018).
- Envesti nan 5 kominate modèl: lanse pwogram (kowòt) pou paran ak direktè lekòl (2019), plis pwojè koordone avèk anbasadè nou yo (konbit, medya, patenarya ak MENFP, konkou).
- Apwòch Anseye Pou Ayiti enflyanse pwogram nan plizyè peyi diferan nan rezo mondyal "Teach For All" (tankou: kowòt miks, priyorize kilti ak istwa peyi a, enplikasyon direktè lekòl nan seyans devlopman pwofesyonèl nou yo, elatriye).